

Nguva Yekuita Chimwe Chinhu!

Vadzidzi vachadzidza kuti vangagadzira sei purani yeshambadzo yavo yekutanga.

Zvekushandisa

Mapepa Akanyorwa Kushambadzira

Chirongwa Chekuchinja Zvinhu!

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Mune zvimwe zvidzidzo zvakanangana nemagariro evanhu uye zvevatongerwe enyika zvataita pamwe chete, taongorora ruzivo rwakasiyana-siyana uye pfungwa dzinogona kushanda pakuita kuti munhu akwanise kuchinja zvinhu.

Taona matambudziko anonetsa vanhu vari munharaunda uye tadzidza zvingabatsira pakuchinja zvinhu, kusanganisira zvinobudisa nhau.

Iye zvino, yava nguva yekuti tiise pfungwa idzi pamwe chete tonyora chirongwa chekushambadzira kubva pekutanga kusvika pekupedzisira!

Mutambo Wekirasi

Kana muchida: Varatidze kumwe kushambadzira kuchangobva kuitwa kwakanangana nevechiduku kwakaitika munharaunda yevadzidzi / kana kuti munzvimbo yakavakidzana navo. Webhusayiti inoti Voices of Youth (muChirungu, chiSipanishi, chiFurenji, nechiArabhu) neinoti Global Voices (kana zvichibatsira, tsvagai pawebhusayiti yacho shoko rekuti “youth”) anogona kubatsira pakusarudza zvekushandisa kana musina chokwadi kuti mowana kupi mashoko. Sunungukai kuratidza webhusayiti yacho pasikirini muchishandisa purojekita pamunenge muchiitsanangura.

Basa Rekuita

Basa Rekuita

Udza Vadzidzi Vako

Nyorai pasi mashoko amunoda kuti ave mushambadziro yamungada kuva nayo munharaunda yenyu. Munogona kushandisawo mashoko amakanyora mune zvimwe zvidzidzo zvadarika. Semuenzaniso, munogona kusanganisira mashoko akanangana nedambudziko ramunoda kuti rigadziriswe, kana kuti tsananguro yekuti munhu ane mukurumbira wamasarudza pakushambadzira kwenyu anei chekuita nezvinangwa zvenyu. Une maminiti 30 ekunyora mashoko ako ekushambadza nawo.

Tapota pindura mibvunzo inotevera:

1. Nderipi dambudziko rauri kuda kugadzirisa?
2. Ndivanani vane dambudziko iri?
3. Uri kuda kugadzirisa dambudziko iri sei?
4. Uchashandisa zvinhu zvipi zvinobudisa nhau kuti uzivise ruzhinji nezvazvo? Munzira dzipi?
5. Pane mumwe munhu ane mukurumbira waungada kuzoshandisa here? Sei?
6. Ndivanani vachashanda newe vachikubatsira?
7. Ndeipi hashtag yauchashandisa pakushambadzira kwako?
8. Kushambadzira kwako kuchatora nguva yakareba zvakadini?

Inzwa wakasununguka kunyora pfungwa dzako paPepa Rekushambadzira Kuchinja, kana kuti pane rimwe pepa.

Basa Rekuita

Ipa vadzidzi Mapepa Akanyorwa Kushambadzira Ekushandisa.

Mutambo Wekirasi

Iye zvino, muri vaviri vaviri, taridzanai zvamanyora. Udza mumwe wako zviri kunyanya kukufadza pamashoko ako ekushambadzira awanyora!

Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi maminiti 20 ekuti vaudze vamwe zvavanenge vanyora vari vaviri.